Alkitab kanggo murangkalih

Nyanggakeun

# Yesus Ngareureuheun Laut Ribut



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Yesus sareng
murid-murid-Na
keur aya dina
parahu, ngadadak
aya angin ribut.
Laut Galilea teh
asa dikocok ku
amukan.  Badai nu
kieu teh matak
kapal karam
sareng tilelep.

Angin ribut teh matak murid-murid sarieuneun. Ombak nutupan parahu, cai arasup. Tapi Yesus mah saré dina bantal, saré dina kaayaan ieu badai. Murid-murid ngahudangkeun Yesus, sasambat,



"Guru, Guru, urang teh bakal binasa!"

"Naha anjeun sieun, eh anu teu cangcaya?" Yesus nanya ka murid-murid-Na. Lajeng Yesus maréntahkeun angin pikeun ngeureunkeun niupan. . . Jeung . . . Yesus maréntahkeun ombak anu ngagelebug geura rerep. . .



LAJEUNG ANGIN TENANG . . .
LAUT JADI TENANG.



Murid-murid reuwaseun, pokna, "Saha ieu teh, nepi ka angin jeung sagara nurut ka Anjeunna!"



Heuleut sawatara waktu, kaalaman deui ku Yesus dinten-dinten anu sibuk. Leuwih 5000 urang geus nuturkeun Anjeunna ka hiji tempat anu sepi.



Ku kakawasaan Allah, Yésus nyumponan sakabéh jalma réa ngan ngagunakeun dahar beurang budak leutik.  Ayeuna geus soré.  Yesus ngutus sadayana.



Malah murid-murid kudu indit.  Yesus ngajak maranehna naek kana parahu sarta miheulaan Anjeunna ka peuntaseun Talaga Galilea.





Saparantos diusir,
Yesus naek ka
gunung nyalira,
bade neneda.
Nalika sonten
parantos sumping,
Anjeunna nyalira
di ditu.



Ka luar ti situ, murid-murid kakurung ku angin ribut.  Kapegat ku angin badai aranjeunna batal meuntas cai, sanajan aranjeunna ngadayung sababaraha jam.


Murid-murid
henteu terang,
tapi aranjeunna
kaget pisan!



Dina hiji tempat
waktos antara
tabuh tilu sareng
genep isuk-isuk,
keur laut katebak
ku angin, murid-
murid teh ningali
anu matak
pikareueuseun.
"Éta hantu!"
aranjeunna
ngagorowok.



Tapi eta teh Yesus, Gusti tur Guru maranehna, sumping ka maranehna, LEUMPANG DINA LUHUR CAI.

"Sing bagja!" Yesus nyauran maranehna. "Ieu Kami; tong sieun." Petrus ngawaler, "Gusti, upami éta Anjeun, paréntah abdi sumping ka Anjeun dina cai." Ku kituna Yesus ngadawuh, "Hayu." Kalawan wani, Petrus kaluar tina parahu ka cai, terus leumpang ngadeukeutan Yesus.





Tapi nalika anjeunna ningali angin ngahiliwir, Petrus jadi sieun, sarta mimiti tilelep. Anjeunna ngagorowok, "Gusti, salametkeun abdi!"

Geuwat, Yesus ngacungkeun panangan-Na, nyekelan Petrus. "Eh anjeun anu kurang iman, naha anjeun ragu?" Mantena naros. Nalika Petrus jeung Gusti Yesus naek kana parahu, angin teh rerep.





Geus kitu jalma-jalma anu aya dina parahu daratang, nyembah ka Yesus, pokna, "Saestuna, Anjeun teh Putra Allah."

# Yesus Ngareureuheun Laut Ribut

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 8, 14; Markus 4; Lukas 8

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Rengse

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16